



Li kapab posib pou w jwenn Supplemental Security Income (SSI)

Ki sa ki andedan

Kisa SSI ye?	1
Ki kantite lajan ou ka jwenn?	1
Kijan pou ou kalifye pou SSI?	1
Kijan pou Ou Aplike pou SSI?	2
Pou kontakte Sekirite Sosyal	2

Kisa SSI ye?

Supplemental Security Income (SSI) se yon pwogram federal ki bay moun ki gen revni ki limite epi ki pa gen anpil resous pèman mansyèl. SSI se pou moun ki gen 65 lane oubyen plis, men tou pou moun nenpòt ki laj, timoun tou, ki avèg oubyen ki enfim.

Pou ou jwenn SSI, ou dwe:

- Gen 65 ane oswa plis;
- Avèg nèt oswa prèske avèg; oubyen
- Genyen yon pwoblèm sante ki anpeche ou travay epi ki ka dire yon ane pou pi piti oubyen ki ka lakoz ou mouri.

Genyen diferan règ pou timoun yo. Pou plis enfòmasyon, li *Benefits for Children With Disabilities (Benefis pou timoun ki enfim)* (Publication No. 05-10026-HC).

Ki kantite lajan ou ka jwenn?

Pèman mansyèl de baz SSI pou 2018 la se menm nan nan tout peyi an. Se:

—\$750 pou yon sèl moun; oubyen

—\$1,125 pou yon koup.

Se pa tout moun ki jwenn menm kantite lajan an. Ou ka jwenn plis si w ap viv nan yon eta ki ajoute lajan sou pèman federal SSI an. Ou ka resevwa mwens si ou menm oubyen fanmi w genyen lòt revni. Kote epi ak kiyès w ap viv fè yon diferans tou nan kantite lajan pèman SSI ou an.

Kijan pou ou kalifye pou SSI?

Revni ou

Revni ou genyen ladann lajan ke ou fè, benefis Social Security ou yo, pansyon ou yo ak valè bagay yo ou resevwa nan men lòt moun, tankou manje oubyen kote pou ou dòmi.

Kote ou rete afekte kantite revni ou ka genyen chak mwa pandan ou toujou jwenn SSI. Diferan eta yo gen diferan règ.

Bagay ou posede

Li posib ke ou ka jwenn SSI si resous ou yo (bagay ou posede) pa vo plis pase \$2,000 pou yon moun oswa \$3,000 pou yon koup marye k ap viv ansanm. Nou pa konte tout sa ou posede lè n ap deside si ou ka jwenn SSI. Pa egzanp, nou pa konte yon kay ou posede si w ap viv ladann, epi dabitid nou pa konte machin ou. Nou konte lajan, kont labank yo, aksyon yo ak bon yo.

Ou dwe yon rezidan nan Etazini

Ou dwe viv nan United States (Etazini) oswa Northern Mariana Islands pou ou jwenn SSI. Si ou pa yon sitwayen Ameriken, men ou rezide legalman nan United States (Etazini), li posib pou ou toujou ka jwenn SSI. Pou plis enfòmasyon, li *Supplemental Security Income (SSI) pou Noncitizens* (Publication No. 05-11051-HC).

Lòt benefis

Pou ou resevwa SSI, ou dwe aplike tou pou nenpòt lòt benefis gouvènman an ou kalifye pou li. Si ou jwenn SSI, ou ka jwenn dabitid benefis ki soti nan Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) ak Medicaid tou. Medicaid ede peye doktè ak fakti lopital yo, epi SNAP ede peye pou manje.

Aplikasyon yo pou benefis SNAP disponib nan nenpòt biwo Social Security. Pou plis enfòmasyon sou pwogram asistans nitrisyon ki ka disponib pou ou, li *Nutrition Assistance Programs* (Publication No. 05-10100) ak *Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) Facts* (Publication No. 05-10101-HC). Vizite www.fns.usda.gov/snap pou enfòmasyon sou fason pou aplike.

Kijan pou Ou Aplike pou SSI?

Pou ou aplike pou SSI, ou ka kòmanse pwosesis la epi konplete yon bon pati nan aplikasyon ou an lè ou vizite sit entènèt nou nan www.ssa.gov/applyforbenefits. Ou ka rele nou tou gratis nan **1-800-772-1213** pou ou planifye

yon randevou an pèsòn oubyen nan telefòn ak yon reprezantan ki soti nan biwo lokal Social Security ou an.

Ou kapab kalifye pou ou konplete aplikasyon SSI ou an sou entènèt si ou:

- Ant laj 18 ak 65 an;
- Pat janm marye;
- Pa avèg;
- Se yon sitwayen Ameriken ki rezide nan youn nan 50 eta yo, District of Columbia oubyen nan Northern Mariana Islands;
- Pat aplike oswa resevwa benefis SSI anvan sa; epi
- Ap aplike pou Social Security Disability Insurance an menm tan ak demann SSI ou an.

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;

- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-11069-HC | January 2018

Li kapab posib pou w jwenn Supplemental Security Income (SSI)

You May Be Able to Get Supplemental Security Income (SSI) (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a